шығыпты. Адам ата жигит пенен ҳал-аҳўал сорасып болғаннан кейин оны үйине чай-суў ишип кетиўге мирәт етипти. Жигит асығыс екенлигин айтып, кетип қалыпты. Адам ата және жолын даўам етип киятырса, алдынан орта дәрмиян кийинген жигит шығыпты. Ҳал-аҳўал сорасып болғаннан кейин оны да үйине чай-суў ишип кетиўге мирәт етипти. Бул жигит те Адам атаның мирәтин қабыл алмапты. Буннан кейин алдынан жупыны кийинген бир жигит шығыпты. Ол жигит Адам атаның мирәтин қабыл алып, шай-суў ишип кетиўге қайылшылық билдирипти. Адам ата жигитти изине ертип киятырса, изинен алдыңғы ушырасқан еки жигит жуўырып киятырған екен. Адам ата албырап қалыпты. Себеби үйинде қызы биреў. Неде болса үйге бара берейик, бир илажы болар-деп үйине келсе, үйинде үш қыз отырған екен. Үш қызды үш жигитке узатыпты. Бирақ сол күни үйиндеги ийти менен пышығы жоқ болып кетипти. Олар қызға айланып кеткен екен. Әпсананың даўамында ийт пенен пышықтың қызға айланып кеткенлиги қызлардың екеўиниң минезиндеги ийт пенен пышыққа тән болған сыпатлардың болыўы, соған қарап Адам ата өзиниң ҳақыйқый қызын айырып танып алыўы қусаған ўақыялар менен дәлийллеп бериледи. Әпсанада қубылыўшылықтың сыры (қалай жүз бергенлиги) түсиндирилмейди. Бирақ әпсанада мақсетли өзгериў қолланылған. Бунда қубылыўшылықтың мақсети- Адам атаны шарасыз жағдайдан қутқарыў. Екиншиден, қызлардың минезиндеги ҳайўанларға (ийт, пышық) тән болған сыпатларды қаралаў ўазыйпасын атқарып тур.

Тарийхый әпсаналарда қаҳарманның қубылыўы мифлик персонажлар (қудай, периште, пир), пайғамбарлар, тарийхтан аты белгили кәраматлы әўлийелер тәрепинен иске асырылады.

Кәраматлы әўлийелер, пайғамбарлар ҳаққындағы тарийхый әпсаналарда қубылыў мотиви тәкирарланыўшы сюжет типлери сыпатында қолланылады, бул арқалы олардың расгөйлиги, туўрылығы, ҳадаллығы, кәраматлылығы сыпатланады [4:60]. Мәселен, «Ақман ҳәм Қараман» деген әпсанада: Хожа Ахмет Яссаўийдиң үйиринен Ақман ҳәм Қараман деген еки жигит жылқы урлайды. Буны сезип қойған Яссаўий өзиниң гүманын сол жигитлер жасайтуғын аўылдың ақсақалларына айтқан ўақытта Ақман ҳәм Қараман: «Әўлийе бизди жаман атлыға шығармақшы, сол ушын бизге жала жаўып атыр»-деп өтирик сөзлер айтып, өзлерин ақламақшы болыпты. Сол күннен баслап олар Яссаўийден өш алыў режесин дүзеди. Бир күни түнде ел жатып ҳәмме шийрин уйқыға кеткен ўақытта олар өзлериниң бир сыйырын сойып, гөшин Яссаўийдиң үйине таслап кетипти. Ертеңине тан атқаннан кейин олар аўыл ақсақалының алдына сыйыры жоғалғанлығын айтып, арыз етип барыпты. Ақсақаллар қан изин қуўып көрсе, туўры Яссаўийдиң үйине барып тирелипти. Кәрамат пенен барлық сырдан хабардар болып отырған Яссаўий ел-халық алдына шығыпты да, қолын дуўаға жайып:-«Илая әўмийин! егер де ким де ким гүнәкар болса, Қудай таала оны ийтке айландырсын!»-деп дуўа етипти. Сол гезде- ақ жаңағы еки жигит көзди ашып жумғанша бир домалап, бири ақ, бири қара ийтке айланып, кеше өзлери сойып таслап кеткен малдың гөшин тартқылап жей баслапты [4:60] .

Әпсанада қолланылған қубылыўшылық кәраматлы әўлийениң ғарғысы (сөз магиясы) арқалы жүз берген. Әпсанада бул қубылыўшылық жалахор, урлықшы еки жигиттиң ислеген гүналары ушын жаза ретинде қолланылып, этикалық, моральлық тәлим-тәрбия қуралы ўазыйпасын атқарып тур. Соның менен бирге Хожа Ахмет Яссаўийдиң ҳадаллығын, расгөйлигин сыпатласа, екиншиден, оның иләҳий кәрамат ийеси екенлигин дәлийллеўди мақсет етеди.

Жуўмақлап айтқанда, қубылыў мотивиниң түп дереклери ески мифлик мотив болып, мифлик сананың эволюциялық тарийхый раўажланыў басқышларында өз көринислерин ҳәм функциясын өзгертип, әпсаналардың (ертек, дәстан) көркем поэтикалық қуралына айналған. Әпсаналардағы қубылыў мотиви шығармада социаллық-эстетикалық кодты баянлаў менен бирге көркем-поэтикалық, моральлық ҳәм диний тәлим-тәрбия қуралы хызметин атқарады. Ертедеги адамлардың пәраўан турмыс кешириў ҳаққындағы арзыў-әрманлары көркем баянланады, әпсана қаҳарманы типиклестириледи, идеалластырылады, сол арқалы тыңлаўшыда туўрылық, әдалатлық сыяқлы уллы инсаныйлық пазыйлетлерди қәлиплестиреди. Адамларды алдаў, урлық, кисиниң ҳақысын жеў сыяқлы жаман иллетлер қараланады. Бундай тилсим, сыйқыр, дуўагөйлик ислетилетуғын мотивлер арқалы әпсаналардың жанрлық тәбияты анықланады.

**Әдебиятлар**


1. Алламбергенов К. Миф, ертек, тарийх ҳәм дәстан. - Нөкис: 2014.
2. Баҳадырова С., Мәмбетназаров Қ. «Қарақалпақ аңызлары, әпсаналары, шешенлик сөзлери». -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1992, 10-б.
3. Қасқабасов С. Қазақтың халық прозасы. -Алматы: «Ғылым», 1984.
4. Раҳманова М. Афсоналарнинг анъанавий мотивлари. //«Ўзбек тили ва адабиёти», 2009, № 5, 59-60-б.
5. Саримсақов Б. Эпик жанрлар диффузияси. //Ўзбек фольклорининг эпик жанрлари. –Тошкент: 198, 109-б.



**РЕЗЮМЕ**

Мақолада афсоналар сюжетида эврилиш мотивининг муҳим поэтик вазифа бажариши, қаҳрамон табиатини изоҳлашда асосий унсурлардан бири эканлиги таҳлил қилинади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье доказывается важность поэтической функции мотивов превращение внешность героя в сюжете легенд, а также подчёркивается их роль в качестве основного элемента в толковании природы героя.

**SUMMARY**

In the article importance of poetic function of character appearance transformation motifs in the legend plot is proved and their role as the main element in an interpretation of character nature is analyzed .


## ЕРТЕК СЮЖЕТИ СТИЛИЗАЦИЯ ТИЙКАРЫНДА ЖУЗЕГЕ КЕЛГЕН АРАЛЫҚ ДРАМАЛЫҚ ЖАНРЛАР


**С.С.Қазахбаев** - *филология илимлериниң кандидаты, доцент*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар**: эртак, драма, либретто, жанр, сюжет, интермедия, инсценировка.

**Ключевые слова**: сказка, драма, либретто, жанр, сюжет, интермедия, инсценировка.

**Key words**: fairy-tale, drama, libretto, genre, plot, interlude, improvisation.


Драма – грек тилинен алынып – ҳәрекет деген мәнини аңлатады. Яғный сахна ушын арнаўлы түрде жазылған, диалог формасында келген сюжетли шығарма. Драма термин сыпатында еки мазмунда қолланылады: Биринши кең мәнидеги драма – әдебияттың үш түриниң бири (лирика, эпос, драма); яғный драмалық формалар лирикада, эпоста да, драманың өзинде де болыўы мүмкин. Ал, екинши тар мәнидеги драма қатардағы драматургиялық жанр. Драмалық шығармалар тийкарынан «Көркем әдебият жәмийеттиң, жеке адамның турмысындағы қыйыншылықларды, кескин ҳалатларды, жеке турмыс пенен жәмийет арасындағы қарама-қарсылықлардан келип шыққан руўхый дағдарысларды, ишки сезимлер менен кеширмелердиң өткирлесиўин сәўлелендиреди. Буны көркем шығармадағы драматизм деп атайды. Драматизмди атамасына қарап тек драмалық шығармаларға тийисли деп қәте түсиниўге болмайды, драматизм улыўма көркем әдебиятқа тийисли түсиник» [1:69].

Усы анықламаны есапқа алатуғын болсақ, XX әсирдиң ақыры XXI әсирдиң басындағы қарақалпақ балалар әдебиятында да ертек сюжети стилизация тийкарында жүзеге келген аралық драмалық жанрларда, лирикалық қаҳарманның ишки руўхый сезим драмасының берилгенлигин көремиз. Бул аралық жанрлар:

1. Әдебий драма
2. Әдебий ертек драма
3. Әдебий ертек инсценировка
4. Әдебий ертек интермедия
5. Әдебий ертек либретто

Ж.Дилмуратовтың «Еки достың айтысы» әдебий драмасында:

1-оқыўшы:
–Тыңла достым, тыңла мени,
Бир сораў берейин саған,
Өз аўзыңнан айтып берши,
Оқыўдың пайдасын маған.
2-оқыўшы:
–Оның несин сорап турсаң,
Еситип жүрсең ғой талай,
Устазлардың айтқанлары,
Ядыңнан шыққан ба, қалай?

1-оқыўшы:
–Саған шын сырымды айтсам,
«5»ке оқыў қолдан келмес,
Сол ушын ба, муғаллим де,
Маған онша кеўил бөлмес.
2-оқыўшы:
Сениң кеўлиң басқа жақта,
Бул ҳаққында ойламайсаң,
Мен де жақсы оқыйын деп,
Жаныңды ҳеш қыйнамайсаң. [2:18-20]

Диалог формасында жазылған қосық, отыз үш шуўмақтан ибарат сюжетли шығарма ҳәм усылайынша даўам етеди. Әдебий драманың тийкарғы идеялық мазмуны мектепте оқыйтуғын еки оқыўшының ишки сезими, туйғылары, ишки дүньясы, минез-қулқы, қарым-қатнаслары терең конфликтлердиң тийкарында ашып бериледи.

Биринши оқыўшы сабағынан жақсы оқыйды. Ал, екинши оқыўшы төмен, китап оқымайды. Билгир оқыўшы оған келешекте жақсы қәнигеге ийе болыўды мәсләҳәт етеди. Жәрдемин аямайды. Яғный, бул әдебий драма. Сол арқалы оқыўшылардың жәмийетте өз орнын, кәсип таңлаўын, илимге қызығыўшылығын арттырыўда ҳәм раўажландырыўында үлкен әҳмийетке ийе болып есапланады.

Әдебий ертек инсценировканы, қарақалпақ балалар әдебиятында бир қанша жазыўшылардың шығармаларында ушыратыўға болады.

Инценировка – сахнаға қолайластырыў, бейимлестириў ямаса әдебий шығарманы сахнаға қойыўға ыңғайластырыў деген мәнини аңлатады.

XX әсирдиң ақыры XXI әсирдиң басындағы қарақалпақ балалар әдебиятында С.Зияўовтың «Бул ким балалар» мектеп сахнасы ушын арналған лиро-драмалық инсценировкасында:

**1-бала:** –Ана – Арал бойында,
Қәлем тутып қолына,
Түскен бәрҳа пидайы,–
Бул ким, балалар?
**Көпшилик бала:** –Ол – Әжинияз бабам,
Шайыр, ойшыл адам!
**2-бала:** –Базда қолға бир алды,
Қәлем менен «Қуран»ды,
Бозатаўды жаў шаўып,
Мәртше тутқан қуралды!–
Бул ким, балалар?
**Көпшилик бала:** –Ол – Әжинияз бабам,
Шын мақтаныш данам! [3:27].

Усындай етип жети бала сораў қойып, оған көпшилик балалар жуўап қайтарады. Ҳәр бир бала өзине тийисли болған қосықты көркемлеп, тәсирли етип ядтан ҳәрекетти көрсетиў арқалы рольге түсип атқарады. Бул шығарманың мазмуны XIX әсирде жасаған уллы бабамыз Әжинияз Қосыбай улының өмири ҳәм дөретиўшилигине байланыслы эпизодларды көркемлик жақтан ашып көрсете алған. Диалог формасында жазылған шығарма бир неше балалардың қатнасыўында инсценировка етип шөлкемлестириў ямаса таярлаўға болады.

А.Рейимовтың «Бас бармақтың баҳасы» ертек инсценировкасында:

**Бас бармақ:** –Қалай сыртта қаласаң,
Алақанға жыйналғанда бес бармақ,
Бәри бир биринши боласаң,
Жағдай қалай? – дегенде,
–Мынандай – деп мақтансам,
Керилип сен турасаң.
**Балан үйрек:** –Көрсеткиш бармақ керек,
Гилт пенен есик ашқанда,
Шырақларды жағарда,
Балан үйрек сен керек.
**Ортан терек:** –Излеген үйди тапқанда,
Терезени қаққанда,
Ортан терек сен керек.
**Шүлдир шүмек:** –Бәринен де сен керек,
Қолыма услаған зат,
Түсип кетежақ болса,
Туратуғын сен демек.
**Кишкене бөбек:** –Сениң орның бир бөлек,
Ертең үлкейесең деп,
Еле кишкенесең деп,
Балаларға айтқанда,
Көрсетиўге сен керек. [4:18-19]
Сөйтип бармақлар ойласыпты ҳәм т.б.

Бул арқалы биз бес бармақтың атқаратуғын хызметин бир-биринен айырып болмайтуғын мийтиндей байланысып, бир туўысқандай ажыралып кетпейтуғын дәрежеде дослардай бир-бирине жәрдем беретуғынлығын көремиз.

Инсценировканың тийкарғы идеялық мазмунында бас бармақ урлық қылайық – дейди. Балан үйрек оған қосылады. Ортан терек – Қудай бар ғой дейди. Шүлдир шүмек – болғанда не қылыпты дейди. Кишкене бөбек – Қудайдың ала танасын урлайық, депти. Сонда ортан терек – бириксек бийиктегини аламыз деген. Қулласы, ортан теректиң айтқаны Қудайға жағыпты. Солай етип, ортан теректиң бойы ҳәммеден узын болыпты.

**Әдебий ертек интермедия** – Интермедия - бул өзи драмалық шығарманың еки пердесиниң арасында сахнада ойналатуғын күлкили пьеса, ал екинши мәниси операда актер арасында ойналатуғын музыкалы пьеса. Яғный әпиўайы сөз айтқанда, қәлеген драмалық ямаса операның тәнеписинде қысқа қойылатуғын үзинди шығармаға айтылады. Қарақалпақ балалар әдебиятында да бундай шығармаларды көплеп ушыратыўға болады. Х.Үббиниязовтың «Таўық пенен бала» шығармасында қысқа берилген қатарларды көремиз:

**Бала:** –Ҳә таўығым, таўығым,
Жедиң бе дән қаўығын?
Басың неге салбырап,
Тартылып тур баўырың?
**Таўық:** –Сен маған дән салмайсаң,
Меннен хабар алмайсаң,
Мени қамап кетекке,
Сен ойынды таңлайсаң.
**Бала:** –Қапталында дүрсилдеп,
Ойнап жүрмен ҳәр күн мен,
Байлап қойдым мен сени,
Мәйек туўып берсин деп.
**Таўық:** –Жесе дәнниң қаўығын,
Көрмесе ойын заўығын,
Ойлап көриң мәйекти,
Қалай туўар таўығың. [5:7]

Диалог формасындағы жазылған бул шығармада балаларды өзине тартатуғын күлкили мазмундағы ўақыялардың баянланғанлығын көремиз. Шығармада бала менен таўық арасындағы конфликт арқалы баланың минез-қулқы ойынға берилиўи сүўретленсе, екиншиден, үй хайўанларына ҳәм қусларға ғамхорлық етиўге тәрбиялайды. Алты шуўмақтан ибарат. З.Ишманованың «Қарлығаш пенен сөйлесиў» шығармасында:

**Биринши бала:** –Әй, сүйкимли қарлығаш,
Бәҳәрде келдиң қайтадан,
Таныдым сени қарлығаш,
Болған жағың қай мәкан?
**Қарлығаш:** –Айтсам буны сизлерге,
Ушамыз жыллы жерлерге,
Түсликте болып қыс-айы,
Қайттық таныс еллерге.
**Екинши бала:** –Әй, қарлығаш, қарлығаш,
Отырған жериң сым ағаш,
Тоқ урмайма, қорықпайсаң,
Шад болып және сайрайсаң.
**Қарлығаш:** –Билмей жүдә ҳайрансаң,
Ықласлы болып ойлансаң,
Оның сыры табылар,
Физиканы уғып ал. [6:34]

Усындай қатарлар менен даўам етеди. Шығарманың идеялық мазмуны бәҳәрдиң келиўи менен барлық куслар ушып келеди. Қарлығаш жағымлы сеслери менен балаларды өзине тартады. Уя салады, палапанлайды. Булардың барлығын балалар өз көзлери менен көрип тамашалайды. Олардың палапанлары қалай аўқатландырыўын көреди. Қарлығаштың қанатлары қара, көкиреклери ақ, өзи шымшықтан үлкен емес, ал қуйрығы екиге айырымланған болады. Мине усындай қәсийетлерин билдириў мақсетинде жазыўшы қарлығаш пенен балаларды өз-ара сөйлестирип конфликт арқалы әдебий образларды диалог формасы тийкарында балалардың көз алдына сәўлелендирип бере алған.

**Әдебиятлар**


1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. -Нөкис: «Билим», 1994, 69- б.
2. Дилмуратов Ж. «Бахыт қусы». -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1996, 18-20- б.

3. Зияўов С. Аралымнан айырма. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1996, 27- б.
4. Реймов А. Бас бармақ балан үйрек. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 2011, 18-19- б.
5. Үббиниязов Х. Ақ таўық. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1996, 7- б.
6. Ишманова З. Ким сындырды. -Нөкис: «Қарақалпақстан», 1994, 34- б.

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада XX аср охири XXI аср бошидаги қорақалпоқ болалар адабиётидаги адабий драмалар ҳақида сўз юртилади. Унда эртак сюжети стилизацияси асосида юзага келган оралик драматик жанрларнинг ўзига хос хусусиятлари талқин этилади. Бу жанрлар: адабий драма, адабий эртак, драма, адабий эртак инценировка, адабий эртак интермедия, адабий эртак либретто. Шунингдек, эртакларнинг ғоявий-бадиий хусусиятлари, тематикаси бўйича уларнинг ўзига хос жиҳатлари кўрсатилган.

**РЕЗЮМЕ**

Статья посвящается вопросам изучения жанра драмы в каракалпакской детской литературе в конце XX и начале XXI века. В ней анализируются сюжет сказки, и особенности различных жанров драмы. Это такие жанры как: литературная сказочная драма, сказочная инсценировка, литературная сказочная интермедия, литературный сказочный либретто. Рассматриваются также художественно- идейные и тематические особенности сказок.

**SUMMARY**

The article is devoted to the study of the genre of drama in Karakalpak literature for children at the end of the XX-th and the begining of the XXI -century. It deals with the analysis of a fairy tale's plot and characteristic features of different genres of drama. They are such genres as a literary fairy tale drama, a fairy – tale improvisation, a fairy -tale play and a libretto. The author also studies the artistic-ideal and thematic peculiarities of fairy - tales.

## И.ЮСУПОВТЫҢ «АКАЦИЯ ГҮЛЛЕГЕН ЖЕРДЕ» ПОЭМАСЫНДА ОБРАЗ ҲӘМ СЮЖЕТ ҚУРЫЎ ШЕБЕРЛИГИНИҢ ЖАНРЛЫҚ СЫПАТТЫ АШЫЎҒА ТӘСИРИ

**Қ.Мамбетов** - *үлкен оқытыўшы*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар***:* поэма, характер, жанр, образ, сюжет, жанрий хусусият.
**Ключевые слова***:* поэма, характер, жанр, образ, сюжет, жанровые особенности.
**Key words***:* poem, character, genre, image, plot, pecularities of genre.

Эпикалық поэмада сюжет ҳәм характер ең баслы сыпат екенлиги анық. Буны А.Пушкин поэмаларын изертлеў барысында В.Г.Белинский де дурыс тәрийплеп: «Поэма требует знания жизни и людей, требует создания характеров, следовательно, своего рода драматизировки» [1]- дейди.

Қарақалпақстан ҳәм Өзбекстан халық шайыры И. Юсупов дөретиўшилигинде орын алған «Акация гүллеген жерде». «Шеткеридеги хата», «Бүлбил уясы», «Жолдас муғаллим» сыяқлы бир қатар поэмалары бизиң бул пикиримиздиң мысалы болып, шайыр дөретиўшилигиндеги эпикалық поэмалардың тийкарын қурайды.

Шайырдың «Акация гүллеген жерде»(1952) атамасындағы поэмасында 1. драматизм 2. сюжет ҳәм 3. характер тийкарғы сыпат десек қәтелеспеймиз. Бул поэма әсиримиздиң орталары–1950-60-жыллардағы елимиздеги **қайта тиклениў** деп аталатуғын тарийхый дәўир машқаласына қурылған. Дөретпеде Қарақалпақстанда жаңа қалалардың бой тиклеўи, ҳәзирги Тахиатас қаласының қурылыўы, миллетлерара туўысқанлық ҳәм дослықтың мийнеттеги бирлиги, жаслардың ҳәм туўысқан халықлардан жәрдемге келген ериклилердиң пидәкерлик мийнетлери сөз етиледи. Яғный, поэманың лейтмотиви-адамзаттың раўажланып, дүньялық өсиўшиликке (прогресске) ерисиўи ушын, ол ҳақыйқый мийнет етиўи, излениўи керек деген уғымнан ибарат.Эпикалық поэмада қаҳарман образының жасалыўына қарай шығарманың жанрлық белгиси ашылады [2]. Поэмада образдың жасалыўы шығарма сюжетиниң раўажланыўы менен ҳәрекетке түседи.

«Акация гүллеген жерде» поэмасының тийкарғы сюжетлик желиси әпиўайы нәрседен басланады: Лирикалық қаҳарман-автор қум қойнындағы «тас қуйының жағасында» өскен бир түп акация терегиниң тарийхы менен қызығады. Мине усы қызығыўшылық өз шешимин поэманың идеялық мазмуны арқалы-шопан түркмен ғаррының әңгимеси менен табады.

Ғарры түркменниң узақ өтмиш ҳәм келешекке билдирген пикирлери бизди поэманың бас қаҳарманы «тоғай ханшасы» москвалы рус қызы Таня менен таныстырады. Шығармадағы ўақыя поэтикалық деталь, халықлар дослығының символы - Акация (терек) арқалы раўажланады…

Таня жоллама менен күйеўи Сергей жумыс ислеп атырған жас Тахиатас қаласының қурылысына келеди. Бул жерде Таняны жаўынгерлик дослар - Сергей ҳәм Қурбанлар күтип алып, оны жергиликли тәбият пенен таныстырады. Олар Таня менен ҳәзиллесип, «мына дөңди түссең асып, жуўсан деген терек» тиң өсип турғанын, ал сол теректиң ҳәр бириниң түбинде «крокодилден зәрре үлкен» гүмгүм деген мақлуқтың бар екенлигин айтады, «аўған» деген жырткыш қузғынның ҳәрекетин баянлайды. Сергей ҳәм Қурбанның бир-бирине көзин қысып еткен бул ҳәзилиниң мәнисин Таня билседе, шөлдеги «қурық тиймеген» тәбият оны дәслебинде бираз албыратады, ҳәтте, шоршынып түслер көреди. Бирақ жаңа дәўирдиң жас ҳәм зәбердес мийнет адамы сыпатында ол нәл отырғызып, бағ өсириўди мақсет етеди. Өзи еккен ҳәм бурыннан өсип турған тереклердиң суўсызлықтағы аўҳалын көрип, оларды қайта гүллендириўге тырысады, илимий китаплар оқып, дослары менен кеңеседи, шембиликлер шөлкемлестиреди. Қызғын мийнет жуўмағында бағын раўажландырып, өз мақсетине ериседи. Поэмадағы мазмунның ашылыўында Таня, Сергей, Қурбанлардан тысқары Антон ғарры, Валя, Сиясий искер (политодтел) сыяқлы екинши дәрежели қаҳарманларда қатнасады.

Шығармада қаҳарман образын жасаўда ҳәм олардың характерин ашыўға қурамалы сюжетлик желис алынбаған. Бас қаҳарман-Таняның тәбият қырсықлығы менен болған коллизиясы көркем шығармадағы (ўақыяның) сюжеттиң негизин қурайды.Поэмада унамсыз қаҳарман (образ) сәўлеленбеген. Оның орнын тәбияттың қатал күши ийелейди. Бул, поэмаға тән ўақыяны Адам ҳәм Тәбият арасындағы қарама-қарсылыққа негизленип раўажландырыўға имканият береди…

Поэмадағы сюжеттиң конфликти кескин ҳәм айтарлықтай қарама-қарсылықта көринбейди. Сонлықтан поэмадағы Сергей ҳәм Қурбанлардың характери ҳәр тәреплеме ықшамластырылған формада сәўлеленгенлигин көремиз. 1940-50-жыллары елимизде «қызыл террор»дың ҳүким сүрген дәўиринде компартияның (1938) XVIII-съездинен соң «Советлерге қарсы күш жоқ» деген пүткил халықлық уғым пайда болды ҳәм бул «Социалистлик өмиримиз қарама-қарсылықсыз раўажланады» деген пүткиллей қәте түсиникти келтирип шығарды. Мине усы сиясий түсиник сол дәўирдиң шынлығын сәўлелендирген көркем әдебиятына да мәжбүрий енгизилди. Көркем әдебий дөретпелерде «конфликтсизлик теориясы» пайда болды. Анығырақ қылып айтқанда, Екинши дүнья жүзлик урыстан кейин көркем әдебиятта турмыслық қарама-қарсылықларды сәўлелендириўди бийкарлайтуғын ағым пайда болды. Бул теорияға негизленген көркем шығармаларда жеке шахсқа сыйыныў, бир тәреплемелилик қублыслары анық сезилип турды. Мине биз анализлеп атырған «Акация гүллеген жерде» поэмасында да, мениңше, усы конфликтсизлик теориясы тәсириниң бар екенлиги сезиледи.

Поэма прологтан басланады ҳәм жәми алты бөлимнен ибарат. Прологта поэманың тийкарғы сюжетиниң раўажланыўына шекемги ўақыя сүўретленеди, шопан-түркменниң қосына саясын түсирип турған акацияның қайлардан келип қалғанлығына лирикалық қаҳарман қызығады. Ол өз сораўына жуўапты шопанның әңгимесинен табады. Рус жигити-инженердиң теректи тас қуйы жанында егип қалдырғанын түркмен баянлап береди. Қыя-қызыл қумға көгерген бул акация - «орыс терек» халықлар арасындағы дослықтың символы сыпатында поэманың тийкарғы сүўретлеў объекти болады

Поэманың биринши бөлими «Жаңа өмирге қәдем» деп аталып, бунда Тахиатас қаласының жаңа қурлысына туўысқан халықлардың дослық жәрдемге келиўине кең орын бериледи. Бул жәрдемге келиўшилердиң пидәкерлик мийнетин конретлестириў мақсетинде автор оқыўшыны Таня ҳәм Сергей менен усы бөлимде таныстырады…

Поэманың ўақыялары избе-из раўажланып, бас қаҳарман Таняның ҳәрекетиниң өсиўи менен шығармадағы басқа да қаҳарманлар ортаға келеди. Оның Москвадан келиўин Сергей (Таняның өмирлик жолдасы) ҳәм Қурбан - жергиликли жас инженер күтип алады. Бул бөлим поэма сюжетиндеги экспозиция хызметин аткарып, көркем шығарма қаҳарманларының кимлиги ҳәм дөретпедеги ўақыяның жүз беретуғын орталығы менен таныстырады. Шайыр бул